




Sektè spesifik sou sekirite COVID-19 nan plas travay la pibliye pou bay pwopriyetè ak operatè etablisman sa yo ak vizitè yo avèk enstriksyon pou ede pwoteje kont pwopagasyon COVID-19 pandan mize yo ap re-ouvè. Etablisman yo adrese anba tèm "Mize" anba sa ki gen ladan Mize, Akwaryòm, sit ak espas istorik andedan ak deyò, ak vizit gide yo.

ESTANDA OBLIGATWA SOU SEKIRITE



DISTANS SOSYAL

Chak mize dwe kontwòle antre ak sòti vizitè yo ansanm avèk limite kantite moun an toutan nan piwo nivo nan sa ki annaprè a:

- 40% nan maksimòm okipasyon etablisman an ki otorize jan li dokimante nan dosye pèmi okipasyon l avèk depatman bilding minisipal oswa lòt detantè dosye minisipal
- Etablisman yo ki pa gen limit pèmi okipasyon otorize nan dosye a ka kite 8 moun (sa ki gen ladan) pou chak 1,000 pye kare espas aksesib andedan ak deyò
- Nan nenpòt ka, okenn espas fèmen nan etablisman an ka depase okipasyon 8 moun pou chak 1,000 pye kare
- Tout chif ak kalkil okipasyon dwe enkli vizitè, anplwaye, ak lòt travayè yo

Asire separasyon nan 6 pye oswa plis ant moun yo lè sa posib:

- Fèmen oswa rekonfigire espas komen pou travayè ak zòn wo dansite yo kote travayè yo siseptib pou rasanble (egzanp., sal repo, ak zòn pou manje) pou pèmèt distans sosyal
- Separatè fizik yo dwe separe estasyon travay yo ki pa kapab espase (separatè yo dwe omwen 6 pye nan wotè)
- Enstale baryè fizik pou estasyon kès yo lè sa posib, otreman kenbe yon distans 6 pye lè sa pa posib
- Enstale makè distans sosyal vizyèl pou ankouraje kliyan yo rete 6 pye apa (egzanp., liy pou antre nan bilding lan, liy pou ekipman si aplikab, liy pou kès, liy pou itilize twalèt)
- Sal makè ak koulwa pou endike separasyon 6 pye

Afiche siy vizib klèman osijè règleman sa yo pou kenbe distans sosyal 6 pye ak pou pa antre nan yon chanm jiskaske yo ka kenbe distans lan

Etabli vwa direksyon pou jere kantite vizitè pou trafik apye, pou jere kontak (egzanp., antre a sans inik ak sòti nan sal yo / zòn rekreyasyon, chemen a sans inik). Afiche siy vizib klèman osijè règleman sa yo

Vire lè travay, poz ak manje, règleman kantite moun maksimòm nan yonsèl kote ak asire omwen 6 pye distans fizik

Egzije kouvri figi pou tout travayè ak patisipan yo, sof lè yon moun pa ka mete yon mask pou kouvri figi akòz yon kondisyon medikal oswa andikap

Ankouraje vèsyon elektwonik gid yo (tankou bwochi ak gid galri yo) lè sa posib. Tout materyèl gid fizik yo (tankou papye bwochi, gdi galri, ak gid odyo) dwe jete oswa dezenfekte apre itilizasyon. Yo dwe retire out sipò sèvis lib, ak tout dokiman yo dwe distribye endividyèlman

Limite gwosè gwoup pou vizit gide yo

Chak operatè vizit kap itilize yon otobis oswa yon lòt veyikil (tankou yon charyo, yon bato kwazyè soup ò oswa yon bato kana) dwe limite okipasyon nan tout moman nan 50% okipasyon maksimòm otorize vizit la, veyikil oswa bato a, jan li endike nan pèmi okipasyon ki nan dosye l, avèk detantè dosye minisipal ki konsène a

Limit okipasyon pou vizit an bato lè ou itilize bato yo avèk yon esaps anba ki kapab itilize pou akomode pasaje yo annakò avèk fòmil ki itilize pou fikse limit okipasyon bato ki afrete yo, jan li dekri nan [Estanda sou Re-ouvèti ak Sekirite nan plas travay la pou anboche ak sèvis bato afrete](#)

Vizit espas kote pa gen limit okipasyon otorize nan dosye dwe limite kantite okipasyon baze sou direktiv Aktivite Andedan ak Deyò [sou sit re-ouvèti a](#)

Tout kont ak kalkil okipasyon yo dwe gen ladan kliyan ak travayè yo

Gwoup pasaje yo ta dwe separe nan veyikil la nan chèz ki vid. Si sa pa posib, veyikil yo ta dwe ranje plas diferan

Operatè vizit yo dwe limite kantite moun nan gwoup mache yo ki pa dwe gen plis pase 10 moun

Gid ak envite yo dwe kenbe distans 6 pye epi mete yon mask nan figi yo

Rekòmande pi bon pratik yo

Yo ankouraje mize yo pou ofri èdtan ekskliziv oswa lòt akomodasyon pou popilasyon ki gen risk elve jan li defini pa CDC

Ankouraje lavant tike anliy ak metòd peman san kontak si posib

Konsidere itilize rezèvasyon kwonometre/tike antre ak enpoze tan limit pou vizit pou asire konfòmite avèk limit okipasyon

Rekòmande pou limite vizit gide pou manm yo nan menm kay sèlman



ESTANDA OBLIGATWA SOU SEKIRITE



PWOTOKÒL IJYÈN

Asire aksè nan etablisman pou lave men sou sit la, sa ki gen ladan savon ak dlo, epi akòde sifizaman tan poz pou travayè yo lave men yo souvan; yo ka itilize kòm yon altènativ dezenfektan pou men a baz alkòl avèk omwen 60% alkòl

Bay travayè yo nan lokal plas travay yo pwodui netwayaj adekwat (egzanp., dezenfektan, sèvyèt dezenfektan)

Dezenfektan pou men a baz alkòl avèk omwen 60% ta dwe disponib nan antre, sòti yo ak nan tout zòn planche yo pou alafwa travayè ak kliyan yo

Evite pataje ekipman ak founiti ant travayè yo

Dezenfekte ekipman pataje yo anvan yon lòt anplwaye itilize yo

Afiche siy vizib nan tout chantye a pou fè travayè yo sonje pwotokòl ijyèn ak sekirite



PÈSONÈL & OPERASYON

Bay travayè yo fòmasyon sou enfòmasyon sekirite ajou ak prekosyon sa ki gen ladan ijyèn ak lòt mezi sekirite ki vize nan redwi transmisyon maladi, sa ki gen ladan:

- Distans sosyal, lave men, itilizasyon apwopriye nan kouvri figi
- Oto depistaj nan kay, sa ki gen ladan tcheke sentòm ak tanperati
- Ranfòse ke anplwaye ki malad pa ta dwe vini travay
- Kilè pou chèche atansyon medikal si sentòm yo vin grav
- Ki kondisyon sante kache ki kapab rann moun nan pli siseptib pou kontrakte ak soufri de yon ka viris maladi grav

Ajiste lè ak orè travay yo (ekip kap travay la avèk diferan orè oswa chanje arive/depa) pou redwi kontak ant travayè yo ak redwi konjesyon nan pwen dantre yo

Etablisman yo ta dwe kenbe èdtan fonksyonman ki pèmèt yon netwayaj ak dezenfeksyon kontinyèl

Limite vizitè ak founisè sèvis yo sou sit la; ekspedisyon ak livrezon ki fèt nan zòn deziyen yo

Etablisman yo dwe teste travayè yo nan chak chif travay lè ou asire sa ki annaprè a :

- Travayè a pa genyen okenn sentòm tankou lafyèv (100.0 ak piwo) oswa frison, tous, souf kout, malgòj, fatig, maltèt, kò fè mal/misk, nen koule/konjesyon, nouvo pèt gou oswa sant, oswa kè plen, vomisman oswa dyare
- Travayè a pa t genyen "kontak pwòch" avèk yon moun ki dyagnostige avèk COVID-19. "Kontak pwòch" vle di viv nan menm kay avèk yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, pran swen yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, ou te nan distans 6 pye de yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19 pou 15 minit oswa plis, oswa vini an kontak dirèk avèk sekresyon (egzanp., pataje istansil, ou tap touse) de yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, pandanke moun nan pa gen sentòm
- Doktè oswa yon otorite sante piblik pa t mande travayè a pou l izole l oswa rete an karantèn
- Yo dwe voye lakay yo travayè yo ki neglije pou satisfè kritè ki anwo a

Kenbe journal sou travayè ak vizitè pou sipòte retrase kontak (non, dat, lè, ak enfòmasyon kontak)

Travayè yo dwe rete lakay yo si yo santi yo malad


Si yo enfòme anplwayè a sou yon ka pozitif nan plas travay la, anplwayè a pral enfòme Komisyon Sante lokal (LBOH) epi travay avèk yo pou trase siseptib kontak nan plas travay la epi enfòme travayè yo pou izole ak mete tèt yo an karantèn. Yo ka mande pou lòt travayè yo fè tès ki konsistan avèk gid ak/oswa sou demann LBOH

Afiche avi pou travayè ak kliyan yo sou enfòmasyon sante enpòtan ak mezi pou sekirite jan li endike nan direktiv sou [Estanda Obligatwa sou Sekirite nan Plas Travay](#) Commonwealth

Ekspozisyon entèaktiv yo (sètadi ekspozisyon ki gen kontak manyen, zòn jwèt) ta dwe fèmen oswa konfigire avèk distans 6 pye ki make klèman ak resewa yon netwayaj ak dezenfeksyon. Estasyon ijyèn pou men (savon ak dlo oswa dezenfektan ki a baz alkòl) ta dwe dezenfekte pou ankouraje yon itilizasyon ki ansekirite



ESTANDA OBLIGATWA SOU SEKIRITE



PÈSONÈL & OPERASYON

Lòt ekipman ak sèvis sou plas ka ouvè sèlman ak opere lè ekipman oswa sèvis yo ta otreman otorize pou opere anba Plan Faz Re-ouvèti Commonwealth e apresa li dwe konfòme nan tout pwotokòl sou sekirite sektè spesifik, disponib sou [Sitwèb Plan Re-ouvèti](#), aplikab nan ekipman oswa sèvis. Egzanp yo gen ladan:

- Restoran: Dwe swiv dènye direktiv sou restoran yo
- Magazen kado: Dwe swiv dènye direktiv sou magazen andetay yo
- Lokal pèfòmans: Dwe swiv dènye direktiv sou lokal pèfòmans yo
- Aktivite: Dwe swiv direktiv aktivite andedan ak deyò

Rekòmande pi bon pratik yo

Yo ta dwe ankouraje travayè yo ki gen yon risk pi elve nan COVID-19 dapre Sant pou Kontwòl Maladi (egzanp., akòz laj oswa lòt kondisyon kache) pou rete lakay yo

Ankouraje travayè yo pou yo idantifye sentòm yo poukont yo oswa nenpòt kontak pwòch avèk yon moun yo konnen oswa sispèk ki genyen COVID-19 bay anplwayè a

Ankouraje travayè yo ki teste pozitif pou COVID-19 pou yo divilge bay anplwayè nan plas travay la pou rezon netwayaj/ dezenfekte ak retrase kontak



NETWAYE & DEZENFEKTE

Netwaye sifas komen ki manyen anpil yo nan twalèt yo (egzanp., chèz twalèt, manch pòt, manch kabinè, lavabo, distribitè sèvyèt an papyè, distribitè savon) souvan ak annakò avèk direktiv CDC

Fè netwayaj ak dezenfeksyon souvan sou sit la (omwen chak jou ak pi souvan si posib)

Kenbe journal netwayaj la ki gen ladan dat, lè, ak nivo netwayaj

Dezenfekte souvan zòn ki gen anpil transpò yo ansanm avèk sifas yo manyen anpil yo (egzanp., manch pòt, anlètèt tab, kontwa tikè, sal repo pou anplwayè)

Sizoka gen yon ka pozitif, fèmen sit la pou yon dezenfeksyon ak netwayaj apwofondi nan plas travay la annakò avèk gid aktyèl CDC a

Rekòmande pi bon pratik yo

Ouvè pòt ak fenèt yo pou ogmante sikilasyon lè kote sa posib